

*Tiliv sa a dekri wòl Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi Konsèy Eta New York sou Timoun ak Fanmi (NYS Council on Children and Families, CCF) nan ede timoun, adolesan, ak jenn adilt yo ak fanmi yo jwenn sèvis yo bezwen.*

### **KR** Ki diferans ki genyen ant yon sitiyasyon Difisil pou Plase ak Difisil pou Sèvi?

*Difisil pou Plase* se yon sitiyasyon kote yon timoun, adolesan, oswa jenn adilt ki gen plizyè bezwen konplike t ap pi byen si yo te plase li nan yon sant pou li rete men fanmi li, ak ajans yo k ap travay ak fanmi li an, te fè tout efò posib men yo pa te ka jwenn youn ki apwopriye.

*Difisil pou Sèvi* se yon sitiyasyon kote yon timoun, adolesan, oswa jenn adilt ki gen plizyè bezwen konplike kapab, grasa asistans sèvis ki apwopriye nan men plizyè founisè, rete nan pwòp kay li, men fanmi li oswa ajans lokal li yo pa te ka jwenn sèvis sa yo pou li.

### **KR** Ki wòl Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a?

Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a travay pou:

- Ede moun nan resevwa sèvis nan kominote oswa nan kay ki pi apwopriye pou li a.
- Minimize reta nan aranjman sèvis oswa plasman.
- Elimine baryè ki anpeche yo bay sèvis oswa plasman a tan.

### **KR** Kilè Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a enplike?

Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a enplike sèlman yo te itilize tout opsyon pwogram yo ak tout pwosedi pou rezolisyon dispit nan nivo lokal ak rejyonal yo, oswa si nenpòt paran/fanmi santi yo sistèm ki egziste yo pa satisfè bezwen pitit yo.

### **KR** Ki moun ki ka refere yon moun nan Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a?

Yo ka refere nenpòt moun nan Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a pou rezolisyon, tankou:

- Endividyèl (yon moun ki refere tèt li)
- Paran oswa Fanmi
- Jij Tribinal pou Fanmi
- Distri Lekòl yo
- Depatman Sèvis Sosyal Lokal yo
- Ajans Eta ak biwo Lokal oswa Rejyonal yo
- Òganizasyon Volontè (ki pa la pou fè pwofi)
- Reprezantan Dwa Moun

### **KR** Kijan pou mwen fè yon referans nan Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a?

Yon moun k ap fè yon referans dwe bay Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a bagay sa yo:

Fòm Admisyon CCF, Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon ak CCF .W ap jwenn fòm sa yo sou sit entènèt nou an: [www.ccf.ny.gov](http://www.ccf.ny.gov).

Answit, tanpri bay enfòmasyon sa yo:

- Dosye medikal
- Evalyasyon Sikolojik
- Evalyasyon Sikyatrik ak Fonksyonèl
- Dosye Siko-Sosyal
- Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individual Education Program, IEP)
- Pwosedi Tribinal (si genyen)
- Kote yo te plase li deja

Tout enfòmasyon yo ap rete konfidansyèl.



[www.ccf.ny.gov](http://www.ccf.ny.gov)

Pou fè yon referans nan Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi Konsèy Eta New York pou Timoun ak Fanmi an, voye Fòm Otorizasyon CCF, Fòm Admisyon CCF, ak dokiman sipò yo bay:

**Hard to Place/Hard to Serve Unit**  
NYS Council on Children and Families  
52 Washington Street  
West Building, Suite 99  
Rensselaer, New York 12144

Faks: 518-473-2570

## Èske ou gen kesyon?

### Tanpri rele:

Sheila Jackson, Kowòdonatris  
Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a  
Telefòn: (518) 402-3284  
[Sheila.Jackson@ccf.ny.gov](mailto:Sheila.Jackson@ccf.ny.gov)

-oswa-

Kathleen Rivers, Asistan Kowòdonatris  
Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi a  
Telefòn: (518) 473-9032  
[Kathleen.Rivers@ccf.ny.gov](mailto:Kathleen.Rivers@ccf.ny.gov)

*Inite Difisil pou Plase/Difisil pou Sèvi Konsèy NYS pou Timoun ak Fanmi vle respekte Prensip Fondamantal Pwogram Sistèm Sèvis Timoun ak Adolesan (Children and Adolescent Service System Program, CASSP): Santrè sou timoun; Konsantrè sou Lafanmi; Baze nan Kominote; Plizyè Sistèm; Konpetan sou plan Kiltirèl; Mwen Restriksyon/Entrizyon Posib.*

## Enfòmasyon Jeneral

Yo te etabli Konsèy NYS pou Timoun ak Fanmi yo nan Depatman Egzekitif la pou pote sèvis ki pi kowòdone ak efikas nan plizyè sistèm pou timoun, adolesan, ak jenn adilt avèk fanmi yo. Depi kreyasyon li, youn nan objektif prensipal Konsèy la se amelyore aksè nan sèvis atravè sistèm pou timoun ki gen plizyè bezwen. Konsèy la abòde objektif sa a nan de (2) fason:

- 1) bay asistans pou timoun, adolesan ak fanmi yo; ak
- 2) idantifye epi travay pou fasilite chanjman nan règleman eta a pou bay bonjan sèvis pi byen.



[www.ccf.ny.gov](http://www.ccf.ny.gov)

**Inite Difisil  
pou Plase/  
Difisil pou  
Sèvi a**  
N ap Bay  
Timoun,  
Adolesan, ak  
Jenn Adilt ki gen  
Bezwen Konplike  
yo Aksè nan Sèvis



Konsèy Eta New York pou  
Timoun ak Fanmi  
[www.ccf.ny.gov](http://www.ccf.ny.gov)

Renée L. Rider  
Direktris Egzekitif



Kathy Hochul  
Gouvènè